

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina ieu panalungtikan. Anapon hal anu diguar saperti ieu di handap.

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho pangaweruh siswa ngeunaan pakeman basa. Anapon nu ditalungtik nyaéta kamampuh siswa saméméh dilaksanakeun modél *Project Based Learning* ngeunaan pakeman basa, mikanyaho kamampuh siswa saenggeus dilaksanakeun modél *Project Based Learning* ngeunaan pakeman basa, sarta bédana kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa.

Dina hasil kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilakukeun *treatment* katitén ngaronjat. Ditilik dina hasil kamampuh ahir yén niléy siswa leuwih ngaronjat saenggeus dilakukeun modél *Project Based Learning* tibatan ngagunakeun métode konvensional. Ditilik tina hasil kamampuh awal siswa anu mibanda rata-rata peunteun 51. Sedengkeun hasil kamampuh siswa saenggeus dilakukeun modél *Project Based Learning* mibanda rata-rata peunteun 83. Dumasar tina hasil peunteun, ieu panalungtikan ngaronjatkeun peunteun siswa jadi leuwih hadé kalawan peunteun nu ngaronjat nyaéta 32.

Dina hasil data uji normalitas nepi ka uji hipotésis ngagunakeun *SPSS*, mibanda hasil yén  $H_1$  ditarima. Ieu data bisa dicindekkeun yén panalungtikan aya bédana nu signifikan antara kamampuh pangajaran pakeman basa siswa sarta éféktif pikeun pangajaran pakeman basa anu leuwih inovatif ngagunakeun modél *Project Based Learning*.

Ku kituna bisa dicindekkeun yén modél *Project Based Learning* miboga pangaruh dina ngaronjatkeun pangaweruh siswa hususna dina pangajaran pakeman basa. Modél *Project Based Learning* bisa digunakeun pikeun lumangsungna

kegiatan pengajaran di sekolah anu leuwih inovatif.

## 5.2 Implikasi

Modél *Project Based Learning* dina pengajaran pakeman basa miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa kalawan hadé sabab bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa hususna dina pengajaran pakeman basa. Modél *Project Based Learning* tangtu méré sumanget jeung kréatifitas siswa pikeun diajar pakeman basa katitén yén tina kamampuhna yén siswa miboga hasil anu ngaronjat sabada dilakukeun modél *Project Based Learning*.

## 5.3 Rékomendasi

Dina hasil panalungtikan, mibanda rékomendasi nu penting pikeun diperhatikeun sangkan panalungtikan satuluyna bisa leuwih hadé pikeun modél *Project Based Learning* dina pengajaran pakeman basa. Anapon rékomendasi bisa dititén saperti ieu di handap.

- 1) Modél *Project Based Learning* cocok digunakeun minangka ngaronjatkeun kamampuh dina pengajaran pakeman basa. Ieu modél bisa ngajembarkeun pangaweruh jeung ngalatih kréatifitas siswa dina pengajaran. Ku kituna, modél *Project Based Learning* bisa dijadikeun modél pengajaran pikeun digunakeun boh dina pakeman basa boh dina pengajaran séjénna.
- 2) Modél *Project Based Learning* museur kana pengajaran anu miboga hasil ahir proyék. Modél *Project Based Learning* bisa jadi kurang éféktif pikeun dilakukeun dina waktu anu heureut sabab bisa nyieun siswa ngarasa capé nalika migawé proyék. Ku kituna, guru kudu bisa méré afirmasi anu positif tur ngahudangkeun sumanget pikeun siswa dina salila prosés pengajaran